

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive

Anvigè depi 2 jwen 2016

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU, EPITOU LI DEKRI KI JAN OU KAPAB GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON.

Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte Direktè Klinik lan oswa Manadjè Sèvis Sante sant medikal la. Ou ka kontakte Fonksyonè Prensipal ki Responsab Enfòmasyon Prive Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk nan nimewo 347-396-6007 oswa nan adrès imèl PrivacyOfficer@health.nyc.gov.

Enfòmasyon pwoteje sou sante (protected health information, PHI) se enfòmasyon sou sante ki kapab idantifye yon moun endividyèlman, epi ki ekspriye sou fòm komunikasyon aloral, alekri oswa elektwonik. Yo gen ladan enfòmasyon demografik (tankou laj ou, adrès ou ak adrès imèl ou) ak lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak sante fizik oswa mantal pase, prezant ak fiti ou. PHI gen ladan tou sèvis swen sante asosye oswa peman pou sèvis sa yo. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (DOHMH) Vil Nouyòk respekte konfidansyalite PHI epi l ap pwoteje li nan yon manyè responsab epitou dapre tout lwa, règ ak règleman yo.

Nou ba ou Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive (avi) sa a annakò avèk Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 (Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante, HIPAA). Avi a prezante fason DOHMH ka itilize ak divilge PHI ou ak mezi nou pran pou pwoteje yo. Avi a dekri tou dwa ou ak sèten obligasyon DOHMH genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon PHI ou.

Pou Kimoun Avi sa a Aplike

Nou konsidere DOHMH kòm yon “òganizasyon etewojèn” anba HIPAA paske li bay sèvis swen sante ak sèvis sante piblik. Sèvis swen sante yo garanti avèk HIPAA, alòske sèvis sante piblik yo pa garanti avèk li.

Avi sa a dekri eleman swen sante ki garanti avèk HIPAA. Obligasyon ki nan avi sa a aplike pou tout anplwaye, etidyan ak volontè ki otorize pou bay, resevwa oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou tretman, peman oswa swen sante.

Responsablite DOHMH

Klinik DOHMH yo gen obligasyon legal pou:

- Kenbe PHI ou konfidansyèl ak pwoteje

- Fè ou konnen responsablite legal ak pratik konfidansyalite enfòmasyon prive ki gen pou wè ak itilizasyon ak divilgasyon PHI ou
- Fè ou konnen san pèdi tan nenpòt vyolasyon ki te ka menase konfidansyalite oswa sekirite PHI ou
- Swiv kondisyon avi sa a
- Kominike nenpòt chanjman ki fèt nan avi a ba ou

Lwa ak Règleman konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon Prive

Anpil lwa federal, lwa leta ak lwa vil la konsènan konfidansyalite enfòmasyon prive gen restriksyon siplemantè sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante. Lwa sa yo afekte tretman pou abi alkòl/dwòg, tès ak tretman pou VIH/SIDA, tès ak tretman pou maladi moun pran nan fè sèks, ak tretman pou sante mantal. Règleman DOHMH yo ak avi sa a respekte lwa siplemantè sa yo.

Fason DOHMH Ka Itilize ak Divilge PHI Ou

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Obligatwa. Dapre lalwa, DOHMH dwe divilge PHI ou ba ou sof si yon pwofesyonèl medikal detèmine sa ta danjere pou sante ou lè nou fè divilgasyon sa a.

Si yo fè demann lan, DOHMH dwe divilge PHI ou ba Sekretè Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) pou ankèt sou fason nou respekte lwa ki pwoteje PHI ou.

Tretman. NYC DOHMH ka itilize oswa divilge PHI ou, ansanm ak rekòmandasyon doktè, pou bay tretman oswa sèvis ou bezwen.

Peman. Y ap itilize PHI ou, jan li nesesè, pou ba ou bòdwo epi pou kolekte peman pou tretman ak sèvis ou resevwa. DOHMH ka divilge enfòmasyon sou tretman ba plan sante ou (tankou Medicaid) oswa ba you

òganizasyon swen kontwole pou nou resevwa apwobasyon pou peman.

Aktivite Swen Sante. DOHMH ka itilize ak divilge PHI ou pou aktivite regilye swen sante. Ekip medikal la ap itilize enfòmasyon sou sante ou pou revize swen sante ou ak rezilta yo parapò avèk ka ki sanblab. Pa egzansp, nou ka revize enfòmasyon ou yo pou bay fòmasyon, pou jesyon risk oswa pou amelyorasyon kalite nan efò n ap fè pou kontinye amelyore kalite ak efikasite swen sante ak sèvis nou bay yo.

DOHMH ap divilge PHI ou ba asosye biznis endepandan ki fè aktivite pou Depatman an (tankou sèvis faktirasyon). Asosye biznis yo ap gen obligasyon tou pou pwoteje enfòmasyon sou sante ou.

DOHMH ka retire enfòmasyon ki idantifye ou yon fason pou lòt moun kapab itilize enfòmasyon yo pou etidye swen sante ak sèvis yo san yo pa konnen idantite ou.

Pou Fè ou Sonje Randevou yo. DOHMH ka itilize ak divilge PHI ou pou voye lèt ba ou pou fè ou sonje randevou ou. Lèt sa yo pou fè ou sonje randevou yo p ap idantifye rezon vizit ou.

Ki Obligatwa dapre Lalwa. DOHMH ap divilge enfòmasyon sou sante ou lè lwa, règ oswa règleman federal, Leta oswa Vil la egzije sa.

Aktivite Sante Piblik. DOHMH ka divilge PHI ou san konsantman ou ba yon ajans sante piblik ki gen otorizasyon legal pou rasanble oswa resevwa PHI pou siveyans sante piblik oswa pou evite oswa kontwole maladi, chòk oswa andikap. Sa gen ladan, men pa sèlman, rapòtaj maladi, tibebe ki fèt oswa lanmò.

Abi sou Timoun. DOHMH ka divilge PHI ou ba yon otorite gouvènman ki gen otorizasyon dapre lalwa pou resevwa rapò abi sou timoun.

Sipèvizyon Sante. DOHMH ka divilge PHI ou ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite legal (tankou odit, ankèt, enspeksyon ak otorizasyon lisans) ki kontwole sistèm swen sante a, pwogram avantaj gouvènman, lòt pwogram kontwòl gouvènman, ak lwa konsènan dwa sivil yo.

Food and Drug Administration (Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman, FDA). DOHMH ka divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou ba yon moun oswa ba yon konpayi ki gen obligasyon dapre FDA pou:

- Rapòte defo pwodui, reyaksyon negatif oswa pwoblèm

- Rapòte chanjman nan pwodui byolojik
- Swiv pwodui
- Pèmèt yo retire pwodui a sou mache a
- Fè reparasyon oswa ranplasman
- Fè siveyans apre yo mete pwodui sou mache a

Pwosedi Legal. DOHMH ka devwale PHI ou pou bay repons pou yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif si ou konsène nan yon pwosè oswa nan yon konfli. Nou ka devwale PHI ou tou pou bay repons pou yon asiyasyon pou prezante nan tribinal, pou demann dekouvèt pou lòt pwosesis legal yon lòt moun ki konsène nan konfli a, sèlman si nou te fè efò pou fè ou konnen demann lan.

Pou Aplikasyon Lalwa. DOHMH ka devwale PHI ou si ofisyèl ki reponsab aplikasyon lalwa mande nou pou fè sa

- Pou bay repons pou yon lòd tribinal, yon asiyasyon pou prezante nan tribinal, yon manda, yon konvokasyon, oswa pwosesis ki sanblab
- Pou idantifye oswa pou chèche yon sispèk, yon moun ki sove, yon temwen kle, oswa yon moun yo pa wè
- Konsènan moun ki viktim nan yon krim si, nan sèten sikonstans limite, nou pa kapab jwenn konsantman moun nan
- Konsènan yon ka lanmò nou kwè ki ka se rezilta yon konduit kriminel
- Konsènan konduit kriminel nan yon klinik DOHMH
- Nan sikonstans ijans pou rapòte yon krim, kote krim nan fèt oswa kote viktim yo ye, oswa idantite, deskripsyon oswa kote moun ki te fè krim nan ye

Doktè Lejis, Direktè Ponp Finèb ak Don Ògàn. DOHMH ka divilge PHI ou ba yon doktè lejis oswa yon egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine sa ki lakòz lanmò a. Nou ka divilge PHI ou ba direktè ponp finèb pou ede yo fè aktivite yo, jan lalwa otorize sa. Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou don ògàn.

Rechèch. Nan sèten sikonstans, nou ka itilize ak divilge PHI ou pou fè rechèch. Rechèch la dwe respekte lwa, règ ak règleman ki anvigè, epitou Komite Etik Enstitisyonèl (Institutional Review Board) DOHMH dwe apwouve li.

Aksè pou Paran. Anpil kalite lwa Eta New York detèmine ki PHI nou kapab divilge ba paran yo ak responsab legal yo. DOHMH ap aji yon fason ki respekte lwa a.

Konpansasyon Travayè. DOHMH ka devwale PHI ou pou nou respekte lwa konsènan konpansasyon travayè ak lòt pwogram ki sanblab ki bay avantaj pou chòk oswa maladi moun pran nan travay.

Aktivite Kriminèl. Dapre sèten lwa federal ak lwa leta, DOHMH ka divilge PHI ou si nou kwè itilizasyon oswa divilgasyon li nesesè pou evite oswa diminye yon menas ki grav ak imedyat pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la. Nou ka divilge PHI ou tou si li nesesè pou otorite ki responsab pou aplikasyon lalwa idantifye oswa arete yon moun.

Prizonye. Si ou se yon prizonye ki nan yon enstitisyon koreksyonèl, DOHMH ka divilge ba enstitisyon an oswa ba ajans li yo enfòmasyon sou sante ki nesesè pou sante ou epi pou sante ak sekirite lòt moun yo.

Aktivite Militè ak Veteran. Si ou se yon manm fòs lame, DOHMH ka divilge enfòmasyon sou sante ou, jan sa obligatwa dapre otorite kòmanman militè. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante konsènan anplwaye militè peyi etranje tou ba otorite militè peyi etranje konpetan.

Sekirite Nasyonal ak Ransèyman. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisyèl federal otorize pou sèvis ransèyman, kont-esponyaj, ak lòt aktivite sekirite nasyonal ki otorize dapre lalwa. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante ou ba ofisyèl federal otorize yon fason pou yo ka fè ankèt espesyal oswa pou yo bay pwoteksyon pou Prezidan an oswa pou lòt moun otorize oswa pou lòt moun ki alatèt peyi etranje.

Moun ki Patisipe nan Swen Sante Ou. Sof si ou pa dakò, DOHMH ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou pou fè yon manm fanmi ou oswa reprezantan pèsònèl ou konnen oswa pou ede fè yo konnen kote ou ye, eta sante jeneral ou oswa lanmò ou. Si ou prezan, w ap gen yon okazyon pou pa dakò avèk kalite itilizasyon oswa divilgasyon sa a. Si ou pa kapab deside oswa si se yon ijans, nou ka divilge PHI ou si nou detèmine li nan pi bon enterè ou pou nou fè sa.

Dwa Ou Konsènan Enfòmasyon Medikal Ou

Menmsi dosye sante ou se pwopriyete fizik DOHMH, enfòmasyon ki ladan li se pou ou yo ye. Ou gen dwa ki endike anba la yo konsènan enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Ou ka fè nenpòt nan demann ki endike anba la yo depi ou prezante yon demann alekri ba Direktè Klinik lan, Manadjè Sèvis Sante oswa ranplasan li.

Dwa pou fè Enspeksyon ak Kopi. Nou kenbe PHI ou nan yon “ansanm dosye deziyen” epi nou ka itilize yo pou pran desizyon sou swen sante ou. Anjeneral, ansanm dosye deziyen an gen ladan dosye medikal ak dosye faktirasyon. Ou gen dwa pou enspekte ak jwenn enfòmasyon sa yo pandan tout tan DOHMH konsève dosye sante ou. Dwa sa a pa aplike pou:

- Nòt sikoterapi

- Enfòmasyon nou rasanble annatandan yon aksyon oswa pwosedi sivil, kriminèl oswa administratif nòmalman oswa pou nou itilize ladan
- Enfòmasyon pwoteje sou sante ki pwoteje anba lwa ki entèdi aksè

DOHMH refize demann ou pou enspekte ak kopye dosye yo nan sikonstans ki limite anpil. Si nou ba ou refi pou gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou, ou ka kontakte Fonksyonè Prensipal ki Responsab Enfòmasyon Prive pou mande yon revizyon refi a.

Dwa pou Mande Modifikasyon. Si ou panse enfòmasyon sou sante nou genyen sou ou pa kòrèk oswa pa konplè, ou ka mande nou pou modifye (chanje oswa ajoute nan) enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou mande yon modifikasyon pandan tout tan DOHMH konsève enfòmasyon yo. DOHMH refize demann ou si ou pa fè demann nan alekri oswa si demann lan pa gen yon rezon pou sipòte li. Answit, nou ka refize demann ou si ou mande nou pou modifye enfòmasyon:

- DOHMH pa t kreye, sof si moun oswa òganizasyon ki te kreye enfòmasyon yo pa disponib ankò pou fè modifikasyon an
- Ki pa fè pati enfòmasyon sou sante DOHMH konsève oswa ki konsève pou DOHMH
- Ki pa fè pati enfòmasyon ou gen pèmision pou enspekte oswa kopye
- Ki egzat ak konplè

Dwa pou Resevwa Avi konsènan yon Vyolasyon.

DOHMH gen obligasyon pou fè ou konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki te ka menase konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou yo.

Dwa pou Resevwa yon Kontrandi sou Divilgasyon yo.

Yon “kontrandi sou divilgasyon yo” se yon lis divilgasyon PHI. Lis sa a pa gen ladan divilgasyon enfòmasyon pou ba ou tretman, pou resevwa peman oswa pou ba ou swen sante jan sa dekri nan avi sa a, oswa lis la pa gen ladan sèten lòt divilgasyon enfòmasyon (tankou nenpòt sa ou te mande nou pou fè). Ou gen dwa pou resevwa yon “kontrandi sou divilgasyon” enfòmasyon sou sante ou nan sizan anvan dat demann ou.

Dwa pou Mande Restriksyon. Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa limit sou enfòmasyon sou sante ou nou itilize oswa divilge pou tretman, peman, oswa swen sante. Ou gen tou dwa pou mande yon limit sou enfòmasyon sou sante ou nou divilge ba moun ki patisipe nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò avèk demann ou.

Si ou peye nèt pou yon sèvis oswa pou yon atik swen sante avèk lajan pòch ou, ou kapab mande nou pou pa divilge enfòmasyon ou yo ba konpayi asirans sante ou pou peman oswa swen sante. N ap dakò avèk demann sa a sof si lalwa egzije nou pou divilge enfòmasyon yo.

Dwa pou Mande pou Kominikasyon Konfidansyèl. Ou ka mande pou nou kominike avèk ou nan lòt kalite mwayen oswa nan yon lòt kote pou pwoteje konfidansyalite ou. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou nan travay ou oswa pa lapòs sèlman. Ou ka mande pou nou voye enfòmasyon yo pa lapòs pou ou nan yon anvlòp ki fèmen alapas yon kat postal.

Pou mande kominikasyon konfidansyèl, voye yon demann alekri ba Direktè Klinik lan oswa ba ranplasan li. Demann ou dwe endike kijan oswa kite kote ou vle pou nou kontakte ou. Si ou resevwa sèvis yo nan plis pase yon klinik, ou dwe fè yon demann apa pou chak.

Dwa pou Chwazi yon Moun pou Pran Desizyon pou Ou. Si ou te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa ou yo epitou li kapab fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante ou.

Dwa pou Resevwa yon Kopi Avi Sa a. Ou gen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a sou papye nenpòt lè. Kontakte Direktè Klinik lan, Manadjè Sèvis Sante oswa Fonksyonè Prensipal ki Responsab Enfòmasyon Prive nan DOHMH nan nimewo 347-396-6007.

Otorizasyon pou Itilize PHI

HIPAA egzije nou pou jwenn pèmisyon ou alekri pou itilizasyon oswa divilgasyon sa yo konsènan PHI ou:

- Objektif maketing
- Lavant enfòmasyon ou (Nòt: DOHMH gen règleman pou pa vann PHI ou)
- Divilgasyon pifò nèt sikoterapi

DOHMH ap mande pèmisyon ou alekri pou lòt itilizasyon ak divilgasyon PHI ou ki pa pwoteje anba avi sa a oswa anba lwa ki aplike pou nou. Si ou ban nou pèmisyon pou

itilize oswa divilge PHI ou, ou ka retire oswa anile pèmisyon sa a, alekri, nenpòt kilè.

Si ou retire pèmisyon ou, DOHMH p ap ni itilize ni divilge PHI ou ankò pou rezon ki pwoteje anba otorizasyon alekri ou. Nou pa kapab retire nenpòt divilgasyon nou te fè deja avèk pèmisyon ou epitou nou gen obligasyon pou konsève yo nan dosye nou.

Chanjman nan Avi sa a

Nou gen dwa pou fè chanjman nan pratik konfidansyalite enfòmasyon prive nou ak nan avi sa a. Nou gen dwa pou fè avi nou chanje a vin anvigè pou enfòmasyon sou sante nou gen deja sou ou, ak nenpòt enfòmasyon nou resevwa pidevan.

N ap afiche yon kopi dènye avi a nan chak lokal klinik nou yo. N ap note dat avi a ap anvigè anlè mitan premye paj la ak anba adwat dènye paj avi a. Answit, n ap mete yon kopi dènye avi a disponib pou ou chak fwa nou fè yon revizyon ladan. Ou ka mande yon kopi avi nou tou nenpòt lè, epitou ou ka wè dènye avi a sou sitwèb nyc.gov/health (chèche "HIPAA").

Plent

Si ou kwè nou vyole dwa ou pou konfidansyalite enfòmasyon prive, ou ka depoze yon plent alekri ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini oswa ba Fonksyonè Prensipal ki Responsab Enfòmasyon Prive nan DOHMH nan adrès ki endike anba la a. Nou p ap fè vanjans kont ou poutèt ou depoze yon plent.

Voye plent yo pa imèl nan:

PrivacyOfficer@health.nyc.gov

Voye plent yo pa lapòs nan adrès:

NYC DOHMH Chief Privacy Officer
Gotham Center
42-09 28th Street, 14th Floor, CN-30
Queens, NY 11101

Anvigè depi 2 jwen 2016

Avi sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive
Rekonesans Resepsyon Avi a
Notice of Privacy Practices Acknowledgement of Receipt

Depi mwen siyen ak date fòm sa a, mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Avi Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive.

Non Pasyan an (<i>Tanpri ekri an lèt detache</i>) Patient's Name	
Siyati Pasyan an Patient's Signature	Dat la Date

Si ou se yon reprezantan pèsònèl ki ranpli fòm sa a sou non pasyan an, tanpri ekri non ou an lèt detache nan espas ki anba la a.

Non Reprezantan Pèsònèl (<i>Tanpri ekri an lèt detache</i>) Personal Representative's Name	
Siyati Reprezantan Pèsònèl Personal Representative's Signature	Dat la Date

Pou Itilizasyon Ofisyèl Sèlman	
<input type="checkbox"/> Patient refused to sign <input type="checkbox"/> Patient unable to sign	
DOHMH Employee Initials	Date

Original Patient Record